# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

### STUDENTLERDIŃ SÓYLEW ShEBERLIGIN RAWAJLANDÍRÍWDA INTERAKTIV ShÍNÍǴÍWLAR HÁM NOVERBAL KOMMUNIKACIYANÍŃ ROLI

**Abatova Mexriban Kuralbay qızı** – *tayanısh doktorant*
mexriban632@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

### РОЛЬ ИНТЕРАКТИВНЫХ ЗАНЯТИЙ И НЕВЕРБАЛЬНОЙ КОММУНИКАЦИИ В РАЗВИТИИ НОРАТОРСКИХ НАВЫКОВ СТУДЕНТОВ

**Абатова Мехрибан Куралбаевна** – *базовый докторант*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

### THE ROLE OF INTERACTIVE LESSONS AND NON-VERBAL COMMUNICATION IN THE DEVELOPMENT OF STUDENTS' NOTORAL SKILLS

**Abatova Mexriban Kuralbayevna** – *doctoral student*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** notiqlik kompetentsiyasi, talabalar, o‘quv metodikasi, omma oldida so‘zlash, interaktiv mashg‘ulotlar, psixologik tayyorgarlik, nonverbal muloqot, ta’lim.

**Rezyume.** Maqola talabalarning notiqlik ko‘nikmalarini rivojlantirishga qaratilgan ilmiy tadqiqotni taqdim etadi. Tadqiqotda interaktiv mashg‘ulotlar, psixologik treninglar va nonverbal kommunikatsiya metodlarining ta’siri tahlil qilinadi. Maqolada metodik yondashuvlar orqali talabalarning omma oldida so‘zlash qobiliyatini oshirishga oid amaliy tavsiyalar berilgan.

**Ключевые слова**: ораторская компетенция, студенты, методика обучения, публичные выступления, интерактивные занятия, психологическая подготовка, невербальное общение, образование.

**Резюме.** Статья представляет собой научное исследование, направленное на развитие ораторских навыков студентов. В исследовании анализируется влияние интерактивных занятий, психологических тренингов и методов невербальной коммуникации. В статье представлены практические рекомендации по повышению навыков публичного выступления студентов посредством методических подходов.

**Key words**: oratory competence, students, teaching methods, public speaking, interactive exercises, psychological preparation, nonverbal communication, education.

**Summary.** This article presents a scientific study aimed at developing students' oratory skills. The study analyzes the impact of interactive classes, psychological training, and non-verbal communication methods. The article provides practical recommendations for enhancing students' public speaking skills through methodological approaches.

**Kirisiw.** Respublikamızda sońǵı jılları joqarı bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, studentlerdiń kásiplik-pedagogikalıq tayarlıǵın, oqıw-tárbiya jumısın jetilistiriw, oqıtıwdıń nátiyjeliligin arttırıw usılların kúsheytiw, bilimlendiriwdiń hár bir basqıshındaǵı maqsetti anıq belgilew, bilimlerdi múmkin bolǵan dárejede tolıq iyelewdiń mexanizmlerin islep shıǵıwdıń tiykarları engizilmekte [1]. Tiykarınan, joqarı bilimlendiriw sistemasında shet tillerin, sonıń ishinde, studentlerdiń sóylew sheberligin rawajlandırıwǵa qaratılǵan texnologiyalar járdeminde oqıtıwdı xalıqaralıq ulıwma Evropa standartları sheńberinde shólkemlestiriw hám bahalawǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

Zamanagóy bilimlendiriw sistemasında studentlerdiń sóylew kompetenciyasın rawajlandırıw áhmiyetli wazıypa esaplanadı.

Sóylew sheberligi – bul pikirdi anıq, logikalıq hám tásirsheń bayan etiw, kópshilik aldında sóylew hám qarım-qatnasta ózine isenim menen múnásibette bolıw qábileti. Bul kónlikpeler studentlerge tek ǵana oqıw procesinde emes, al kásiplik jumısta hám jeke ómirde de tabısqa erisiwge járdem beredi. Usı maqalada studentlerdiń sheshenlik kompetenciyasın rawajlandırıwǵa qaratılǵan metodika islep shıǵıldı.

**Metodlar.** Izertlewshi D.Seytkasimov filolog-studenttiń (Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı) kásiplik kompetenciyasında áhmiyetli bolǵan kommunikativlik kompetenciyalardı klasslarǵa bólgen [2:72]. Bul izertlew qaraqalpaq tili hám ádebiyatı baǵdarında bilim alıp atırǵan studentlerdiń kásiplik sóylesiw kónlikpelerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan bolıp, kommunikativlik kompetenciyalardıń klassifikaciyası bilimlendiriw procesinde anıq hám sistemalı qatnastı támiyinleydi. Izertlewde keltirilgen klassifikaciyalaw metodikası studentlerdiń sóylew mádeniyatı, logikalıq pikirlew hám tásirsheń sóylesiw qábiletlerin arttırıwda áhmiyetli qural sıpatında xızmet etedi.

Izertlewshi M.M.Musurmonqulova ádebiyattı oqıtıwda studentlerdiń sheshenlik hám óz betinshe pikirlew kónlikpelerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan kreativ kózqaraslarǵa tiykarlanǵan. Ol óz izertlewinde mashqalalı lekciyalar, case-study hám didaktikalıq materiallardan paydalanıp, studentlerdiń sóylew mádeniyatın arttırıw usılların islep shıqqan [3]. Bizińshe, mashqalalı lekciyalar, case-study hám didaktikalıq materiallardan paydalanıp islep shıǵılǵan kreativlik kózqaras studentlerdiń sóylew mádeniyatın arttırıwda nátiyjeli esaplanıp, bilimlendiriwdiń sapasın jaqsılawǵa xızmet etedi hám filologiya tarawında keńnen qollanılıwı múmkin.

Izertlewshi O.Turakulova ádebiyat sabaqlarında studentlerdiń sheshenlik kónlikpelerin rawajlandırıw ushın óz betinshe pikirlew hám sóylew mádeniyatına itibar qaratqan. Ol metodologiyada studentlerdiń sóylesiw aktivligin arttırıw ushın anıq jaǵday analizi (case-study) hám mashqalalı oqıtıw usılların qollanǵan. Bul usıllar oqıwshılardıń sóylewin logikalıq dúziw hám tásirsheń bayanlaw kónlikpelerin qáliplestiriwge xızmet etken [4:48]. Bul ilimpazlar sheshenlik kompetenciyasın rawajlandırıwda

túrli metodlardan paydalanǵan bolıp, olardıń tiykarǵı qatnasları interaktiv, mashqalalı oqıtıw, psixologiyalıq hám lingvistikalıq usıllarǵa tiykarlanadı. Olardıń izertlewleri studentlerdiń sóylew mádeniyatı, erkin pikirlew hám tásirsheń sóylesiw kónlikpelerin arttırıwǵa xızmet etken. Keleshekte usı metodlardı basqa pánler hám bilimlendiriw basqıshlarında qollanıw boyınsha qosımsha izertlewler ótkeriw usınıs etiledi.

Biz Qaraqalpaqstan Respublikası hám Nawayı wálayatı filolog-studentleriniń sóylew sheberligin rawajlandırıw boyınsha úyreniw jumısların alıp barıw waqtında hár túrli mashqalalardı úyrendik. Úyreniw jumıslarında studentlerdiń óz pikirlerin erkin jetkerip beriw kónlikpeleriniń búgingi jaǵdayı anketa sorawları arqalı alıp barıldı.

1-keste:

| Siz sóylew sheberligi haqqında tuwrıdan-tuwrı televideniede sóylewge tayarsızba? | QMU | | NMPI | | Nawayı MU | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | awa | yaq | awa | yaq | awa | yaq |
| | 43,0 | 57,0 | 49,3 | 50,7 | 46,6 | 53,4 |

Soraw nátiyjeleri QMU studentleri tárepinen (57,0%) “qanaatlandırarsız” NMPI studentleri (50,7%) Nawayı MU (53,4%) “qanaatlandırarsız” nátiyjeni kórsetti. Kórsetilgen juwaplarǵa qaraytuǵın bolsaq, studentlerdiń kópshilik bólegi sóylew sheberligi pániniń oqıtılıwı tárepdarı ekenligin kórsetti.

Kórgenimizdey, studentler kóbirek oqıw rejesine «Sóylew sheberligi», «Pedagogikalıq sheberlik», «Pedagogikalıq konfliktologiya» pánlerin kirgiziw zárúrligin úyrendik. Bunıń ushın, biz metodikada studentlerdiń sóylew kónlikpelerin rawajlandırıw ushın tómendegi usıllardı úyrendik. (1-súwret).




Studentlerdiń sheshenlik kompetenciyasın bahalaw ushın tómendegi usıllar arqalı gipoteza etiledi (2-keste).

| Studentlerdiń sóylew kompetenciyasın bahalaw | |
|---|---|
| **Sóylew sapasın bahalaw** | Ekspertler tárepinen studentlerdiń prezentaciyaları 5 ballıq shkala tiykarında bahalanadı (anıqlıq, tásirsheńlik, strukturalıq hám noverbal elementler). |
| **Sorawnama** | Studentlerdiń ózine isenimi hám óz pikirlerin jetkerip beriw menen baylanıslı qorqıw dárejesin anıqlaw ushın anketa ótkeriledi. |
| **Baqlaw** | Sabaq procesinde studentlerdiń pikirlesiw aktivligi baqlanadı. |

Izertlew nátiyjelerine qaraǵanda, eksperimental topardaǵı studentlerdiń sheshenlik kompetenciyası sezilerli dárejede arttı. Tolıq nátiyjeler tómendegishe:

Sóylew sapası: Eksperimental topardaǵı studentlerdiń prezentaciyaları ortasha 4.2 ball (5 ballıq shkalada) bahalandı, qadaǵalaw toparında bolsa bul kórsetkish 3.1 baldı quraydı.

Ózine isenim: Sorawnama nátiyjelerine qaraǵanda, eksperimental topardaǵı studentlerdiń 85%i kópshilik aldında sóylewden qorqıw dárejesi kemeydi, qadaǵalaw toparında bolsa bul kórsetkish 40% ti quraydı.

Noverbal elementler: Eksperimental topardaǵı studentler noverbal kommunikaciya kónlikpeleri (jestkulyaciya hám intonaciya) boyınsha 30% ke jaqsı nátiyjeler kórsetti.

**Talqılaw.** Izertlew nátiyjeleriniń kórsetiwi boyınsha, arnawlı islep shıǵılǵan metodika studentlerdiń sóylew sheberligin rawajlandırıwda joqarı nátiyjelilikke iye. Interaktiv shınıǵıwlar hám psixologiyalıq treningler oqıwshılardıń ózine isenimi hám sóylesiw qábiletin arttırıwda áhmiyetli rol atqardı.

Noverbal elementlerge itibar beriw sóylewdiń tásirsheńligin arttırdı, bul bolsa auditoriya menen jaqsıraq baylanısıw imkanın beredi.

Biraq, maqalada ayırım sheklewler bar. Máselen, izertlew tek bir semestr dawamında ótkerildi, bul uzaq múddetli nátiyjelerdi bahalaw ushın jetkilikli emes. Bunnan tısqarı, metodika tek ǵana ózbek, qaraqalpaq tilinde sóylesiwge qaratılǵan bolǵanlıqtan, basqa tillerdegi studentlerdiń sóylew kónlikpelerin rawajlandırıw ushın qosımsha izertlewler talap etiledi:

1. Turaqlı shınıǵıwlar: Sóylew kónlikpelerin rawajlandırıw ushın turaqlı rolli oyınlar hám prezentaciyalar ótkeriw.

2. Psixologiyalıq tayarlıq: Studentlerdiń kópshilik aldında sóylewden qorqıwın kemeytiw ushın arnawlı treningler shólkemlestiriw.

3. Texnologiyalardan paydalanıw: Videokórinis hám virtual reallıq quralları arqalı studentlerdiń sóylew sapasın analizlew.

4. Individuallıq qatnas: Hár bir studenttiń sheshenlik dárejesine qarap jeke sabaq jobaların islep shıǵıw.

**Juwmaq.** Juwmaq sıpatında, studentlerdiń sóylew kompetenciyasın rawajlandırıw ushın nátiyjeli metodikanıń bar ekenligin aytıp ótiw kerek. Metodika interaktiv, psixologiyalıq hám noverbal elementlerdi óz ishine alıp, studentlerdiń sóylew sapası hám ózine isenimin arttırıwǵa xızmet etedi. Keleshekte bul metodikanı basqa bilimlendiriw mákemelerinde sińdiriw hám onıń uzaq múddetli nátiyjeliligin úyreniw usınıs etiledi.

## Ádebiyatlar

1. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentiniń 2022-jıl 28-yanvardaǵı “2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekistannıń rawajlanıw strategiyası haqqında”ǵı PP-60-sanlı Pármanı.

2. Seytkasimov D. Filolog-talalabarning lingvistik kompetentsiyasini takomillashtirish metodikasi (Qoraqalpoq tili va adabiyoti talabalari misolida) Pedagogika fanlari doktori (DSc) dissertatsiyasi avtoreferati. – Nukus: 2023.

3. Мусурмонкулова М.М. Креатив ёндашув асосида ўқитишнинг дидактик таъминотини яратиш механизмлари. // Мактаб таълими, 2018, № 4.

4. Туракулова О. Адабиёт ўқитишда ўқувчиларни мустақил фикрлашга одатлантиришнинг методик усуллари. // Мактаб таълими, 2018, №4.